

Teste pou kont ou Lakay ou


Kijan pou ou itilize tès COVID-19 iHealth lan pou kont ou

1

Etap 1 : Prepare materyèl ou

Ou kapab genyen Seri Tès 1 OSWA Seri Tès 2 nan pake a. Tanpri swiv etap korèk daprè seri espesifik ou resevwa.

Seri Tès 1 ap vini ak :



Yon Kat tès COVID-19


Yon tib ki genyen likid tès la

Yon tij koton

Lè w pare pou kòmanse ak tès la, ouvri ti posh papye aliminyum kat tès COVID-19 lan.

Ale dirèk nan Etap 2 Kolekte Echantyon


Seri Tès 2 ap vini ak :



Yon Kat tès COVID-19

Yon tib vid ak Solisyon Sele

Yon tij koton



Lokalize de pwent tib vid la, epi peze solisyon sele a nan tib vid la. Asire w nivo likid LAN ANLÈ kwen 2*

Lè ou pare pou kòmanse ak tès la, ouvri ti posh Tès Kat COVID-19 lan.


Ale dirèk nan Etap 2 Kolekte Echantyon

*Li aseptab si likid la anlè Kwen 2. Sepandan, tanpri pa kontinye ak tès la si nivo likid la pi ba kwen 2, sa ka lakòz rezulta fo oswa envalid.

Pou plis enfòmasyon, ale nan [mass.gov/COVID19selftest](#)

2


Etap 2 : Kolekte echantyon ou



- Retire tanpon an nan pake a.
- PA MANYEN TET TANPON AN AK DWET OU
- Kenbe posh tanpon an pou itilize apre.



- Toudousman mete tout pwent tanpon an (jeneralman $\frac{1}{2}$ oswa $\frac{1}{4}$ pou) nan twou nen ou.
- Ak timoun, pi lwen ou kapab mete tanpon an nan twou nen yo kapab pi piti pase $\frac{3}{4}$ pou, epi ou kapab bezwen yon dezyèm moun pou kenbe tèt timoun nan pandan wap fè prelevman an.
- Bwose tanpon an andedan twou nen an nan yon sèk omwen 5 fwa.
- Fè li fèm epi Dousman – pran omwen 15 segonn pou kolekte echantyon an epi asire w ou kolekte tout likid ki nan nen an.
- Itilize MENM TANPON an, repete pwosesis la pou lòt twou nen an.




- Ou kapab jwenn yon rezulta tès ki pa kòrèk si ou pa kolekte yon bon kantite echantyon ak tanpon w

3


Etap 3 : Trete echantyon ou




- Frapé tib la tou dousman, tou dwat sou yon tab epi vire gwo bouchon oranj lan pou ouvri.



- Vire pwent tanpon an nan fon tib la omwen 15 fwa.



- Peze sou kote tib la pou ou kapab pran yon bon kantite echantyon sou tanpon an.
- Ou kapab pa genyen ase echantyon materyèl pou fè tès la byen si ou pa peze tanpon an.



- Retire tanpon an epi remete gwo bouchon oranj lan nan tib la.



- Remete tanpon an nan pake a pou ou ka jete li.

4

Etap 4 : Ajoute Echantyon an



Kounye a echantyon an nan tib la.

Pou w teste echantyon an, vise ti bouchon blan tib la.

Ajoute twa gout echantyon nan Pòt Echantyon Kat Tès COVID-19 lan.

Revize ti bouchon blan an.

Tann 15 minit pou rezulta ou pare.

Kou ou fin ajoute echantyon an nan Pòt echantyon an kòmanse revèy la tou swit. Rezulta ap pare nan 15 minit epi lap ekspire apre 30 minit.

Yon fo rezulta negatif oswa yon fo rezulta pozitif kapab rive si yo li rezulta anvan 15 minit oswa apre 30 minit.

Entèprete Rezulta

Tès COVID-19

15 minit

3 gout

Rezulta Pozitif



Remake liy T a kapab pal.

Yon rezulta POZITIF dwe montre TOULEDE liy yo ni liy C ni liy T. Yon rezulta pozitif vle di moun nan pozitif pou COVID-19.

Ale nan mass.gov/COVIDselftest pou konnen sa pou fè. Ou dwe kontakte founisè sante ou sou rezulta pozitif ou, sitou si ou genyen pwoblèm sante ki mete ou a risk lòt gwo maladi serie ak COVID-19.

Rezulta envalid: Si pa genyen OKENN LIY, oswa si genyen YON SÈL LIY tès la pa reyisi. Wap oblige reteste ak yon nouvo tès kit. Si nouvo rezulta ou a envalid tou, Al teste nan yon sant pou teste oswa kontakte yon pwofesyonèl swen sante.

Jete twous tès la: Apre tès la fin fèt, jete tout materyèl tès la nan poubèl.



Yon rezulta NEGATIF ap montre SELMAN yon liy C. Yon rezulta negatif vle di moun nan sipoze negatif pou COVID-19.

Yon rezulta negatif pa esklì nèt COVID-19. Si ou genyen sentòm COVID-19, sitou si ou konen ou te frekante yon moun ki genyen COVID-19, ale teste nan yon sant kote yo fè tès oswa refè tès la apre 1-2 jou epi konsilte yon pwofesyonèl swen sante.

Rezulta envalid: Si pa genyen OKENN LIY, oswa si genyen YON SÈL LIY tès la pa reyisi. Wap oblige reteste ak yon nouvo tès kit. Si nouvo rezulta ou a envalid tou, Al teste nan yon sant pou teste oswa kontakte yon pwofesyonèl swen sante.